Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ 25 -26 (9937) 7 июль 2023 с. / Рузман 19 Зуль-хиджа 1444 с./ багьа-эркенаб redakciya-chapar@mail.ru

## Поздравления

### *Уважаемые сотрудники и ветераны государственной инспекции безопасности дорожного движения!*




На протяжении многих лет, вы решаете сложные задачи по обеспечению дорожной безопасности, правопорядка, сохранению жизни и здоровья людей.

Вы работаете на одном из трудных направлений охраны общественного порядка. Ежедневно вы делаете всё возможное для снижения аварийности на дорогах, первыми приходите на помощь попавшим в беду на дороге.

Круглосуточно неся нелёгкую, требующую постоянного напряжения и бдительности службу, вы проявляете высокий профессионализм и мужество.

Благополучие граждан, их спокойствие и безопасность-важнейшее направление вашей деятельности. Уверены, что вы и впредь будете с честью выполнять свой профессиональный долг, надёжно поддерживая порядок на дорогах, а число дисциплинированных участников дорожного движения, благодаря вашей работе, будет только увеличиваться.

В этот праздничный день желаем всем вам крепкого здоровья, счастья, душевных и физических сил, жизненных и трудовых успехов.

Мира, добра, благополучия вам и вашим семьям!

***Глава МР «Казбековский район» Г. Г. Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г.М. Гирисханов***




**День Российской почты-профессиональный праздник почтовой связи. Он отмечается во второе воскресенье июля.**

**Почта связывает людей, послание, переданное по почте, может вдохновить и окрылить, подарить надежду или сообщить важную новость.**

**Труд работников почты бесценен и важен.**

### Уважаемые работники почты района!

Сердечно поздравляем вас с профессиональным праздником, желаем вам здоровья и счастья, терпения и понимания, радости и успехов.

С праздником вас!

***Глава МР «Казбековский район» Г. Г. Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г.М. Гирисханов***

## Иргадулаб данделъиялда

4 июлалда районалъул администрациялда тIобитIана аппараталъул иргадулаб данделъи. Районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана администрациялъул, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул.



Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана батIи-батIиял программабазда (*«Шагьаралъул санагIатал шартIал», «Лъайкьей цебетIезаби», «БакIазул нухазе ремонт гьаби»* ва гь.ц.) рекъон, гьабулеб хIалтIиялда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалда, налогалгун гьел гурел хайирал районалъул бюджеталде рачIинариялда, рагъулаб хъулухъалде гIолилал ахIиялъул кампания тIубаялда ва территориалияб планированиялъул схема хIадур гьабиялда хурхарал суалал.

ТIоцебесеб суал тIубазабиялда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъул, гIатIид гьабун, гьениб бицана архитектураялъулгун бакIал раялъул ва ЖКХялъул отделалъул начальник ХIамзат ХIадаевас. Гьесул кIалъаялда тIасан загьир гьабураб пикруялда ХI. Мусаевас абуна: *«Программаби тIуразариялъе риччарал сурсатал хIалтIизариялда хадуб хал кколебги, гьел, графикалда рекъон, хIалтIулел ругищали балагьулелги ругищ? Гьелъул суалал жидеде кколел щибаб къойил щвезе ккола бакIазде, ва гьез хал гьабизе ккола гIолеб-гIоларелъул. Гьедин хIалтIулел гьечIони, заманалда объектазда гьарулел ишал бетIералде рахъиналда щаклъи букIуна»*,-ян.

КIиабилеб суалалда тIасан бицен гьениб гьабуна экономикаялъулгун социалияб рахъал цебетIезабиялъул отделалъул начальник Юсуп Агиевас. Гьес данделъиялъул гIахьалчагIазе бицана районалъул бюджеталде налогал рачIинариялъулъ бугеб ахIвал-хIалалъул, ругел церетIеязул, дандчIвалел захIмалъабазул ва цере чIарал масъалабазул. Гьесул рагIабазда рекъон, буголъиялъул налог бакIариялъулъ дандчIвалел руго гIезегIанал захIмалъаби.

Гьес абуна: *«Гьедин букIиналъ налогалъул налъи тIад бугев щивавгун бичIчIенкьеялъул хIалтIи гучлъизабизе ккола»*,-ян.

Гьесул кIалъаялда хурхун, районалъул бетIерас абуна: *«Дуца рехсарал цифраби ккола рукIинесел хIасилал цебеккунго рицунеллъун.*

*Лъала, хIасилал кьолеб къагIидаялда хIалтIулел ругони, гьел лъикIал рукIунеллъи. КIвар кьезе ккола законалда рихьизарурал цогидал налогал (ракьул, буголъиялъул ва гь.ц.) ракIариялдеги. Гьедин гьабиялъ рес кьезе буго районалъул росабалъ гьарулел хIалтIаби бетIералде рахъинаризе. ХIажат буго гьел суалазда тIад росабазул бутIруз хIасил кьолеб хIалтIи гьабизе»*,-ян.

Армиялде гIолилал ахIиялъул кампания тIубазабиялда тIад гьабураб хIалтIул гьениб бицана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Басир Нуцаловас. Гьес армиялде гIолилал ритIиялъул ихдалилаб кампания тIубазабиялъул, гьелъулъ дандчIварал захIмалъабазул ва хадусан тIоритIулел кампаниябазда сунде кIвар кьуни лъикIаблъун букIине бугебали бицана. Гьес абуна: *«Армиялде ахIаразул ахирияб къокъа 10 июлалда битIизе ва гьелдалъун ихдалилаб кампания бетIералде бахъине буго. Армиялде гIолилал ахIиялъул кампания тIубазабуна»*,-ян. Гьеб суалалда хурхараб кIалъаялда ХI. Мусаевас, кампания тIобитIиялъе къиматги кьун, абуна: *«Нилъер гIолилазул гIезегIанаб къадар рагъулаб хъулухъалде цогидал бакIаздасан унеб буго. Гьелда хурхараб информация дихъе щвезабе»*,- ян.

Ункъабилеб суалалда тIасан ХI. ХIадаевас абуна: *«Территориалияб планированиялъул схема хIадуризе, къотIи-къаялда рекъон, кьун букIана «Дагъистаналъул кадастровияб съёмка» гIуцIиялъухъе ва гьелъ гьеб нижехъе бачIун букIана, амма, гьенир ратарал цо-цо гIунгутIабиги рихьизарун, нижеца гьеб нахъе битIана»*, -ян.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалал рича-чвана ва рекъон кколел хIукмаби гьаруна.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

гъум. 2 — РакIбацIцIадаб хъулухъалда

гъум. 3 — Расул Идрисовасе-95 сон

гъум. 8 — Прокуратура информирует




# Расулил асарал-рекIел тIиналда

Чанго сон сверулеб буго дунялалдаго машугьарав шагIир, жиндир цIар гьелъул поэзиялъул тарихалда меседил хIарпаз хъварав ХIамзатил Расул гIумруялдаса ватIалъаралдаса.

Жиндир гIумрудул нухда Расул гIемерал батIи-батIиял гIадамалгун дандчIвана, гьезда гьоркьор жамгIиял церехъаби, гIалимзаби, политикал, спортсменал ва гIадатиял гIадамал рукIана.

ХIамзатовгун гIодовчIун, хабар бицине щварав чиясул рекIелъ гьев жакъаги рагIул магIна гъваридав, гIакъилав ва гIумрудул нух жинда тIубанго бичIчIарав чилъун хутIун вуго.

Дунялалдаго цIар рагIарав композитор Мурад Кажлаевас абулеб буго:

*«Расул ХIамзатовас ва гьесул асараз дир рекIелъ хасаб бакI ккуна. Дун, Азербайджаналдаги цIалун, ДагъистаналдетIадвуссиндал, дир лъай-хъвай Расулгун ккана ва, 1955 соналдаса байбихьун, нижер творчествоялъулаб гурребги щулияб гьудуллъи букIана»,-ян.*

Расулил асарал мисалалъе росулаан цIар рагIарал шагIирзабазги, гьез гьесул щибаб рагIуе кIудияб къиматги кьолаан.

Гьедин, цIар рагIарай шагIир ва хъвадарухъан Фазу Галиевалъ абулеб буго:

*«Расул ХIамзатов жив лъиданиги рельенчIеб рагIул устар вуго. Гьесул рагIабаз гIажаибго берцин рокьул, гIумрудул ва хасго чIужугIаданалъул бицуна.*

*Дица абила, Расул ХIамзатовас гIадин, асарал хъвазе бокьарасда, гIумрудул щибаб лахIзат бичIчIине ккола»,-ян.*

Лъиениги балъголъи гуро Расул ХIамзатовас кIудияб лъалкI политикаялъулги тараблъи.

Расулил хIакъалъулъ биценалда Дагъистаналъул тIоцевесев президент МухIу Галиевас абун буго:

*«Расул ХIамзатов дунялалде унго-унгояв шагIирасул гьунаргун вачIана.*

*Чанго шагIирасе халкъалъ кьуна жиндирго цIар, борхалъи, амма Халкъияв шагIир абураб цIаралъул къуват ва магIна Расул ХIамзатовас бихьизабуна. Гьесул асаразулъ кидаго букIуна гьесул гIагараб халкъалъул пикру, рекIел бухIи ва рохелгун къварилъи. Дица абила гьединав вукIине кколин унго-унгояв Халкъияв шагIир»,-ан.*

***«Расулил асарал – свин гьечIел цIваби».***

Гьал рагIаби гIемерал дандчIвалел руго Расул ХIамзатовасул творчествоялъул бицунел бакIазда. Дица абила, рехсарал рагIабазулъ хасаб магIна бугин, щайгуреlъул, Расулил асарал даималъ хутIизе руго нилъер наслабазе сунареб чирахълъунги патриотикияб лъайкьеялъе мисаллъунгиян.

**МахIмуд ДавудхIажиев**

---

*3 июль-ГИБДДялъул Къо!*

# РакIбацIцIадаб хъулухъалда

***Нилъеда лъала ва бихьула сордо-къоялде, гьава-бакъалъул рекъей букIиналде балагьичIого, ГИБДДялъул хIалтIухъабаз хъулухъ тIубазабулебги гьел нилъер сахлъи цIуниялда тIад хIалтIулелги рукIин.***

***ТIадехун рехсаралда тIад кIвахIтун хIалтIулел руго нилъер ОГИБДДялъул хIалтIухъабиги. Гьезда гьоркьор рехсезе мустахIикъаллъун ккола ОГИБДДялъул ДПСалъул гьал хадур рехсарал хIалтIухъаби.***



## Мурад ГIабдурахIимович ШихсагIидов

гьавуна 1992 соналъ Дилим росулъ.

Калининаул росдал гьоркьохъеб школа лъугIун хадув (гьеб гьесул эбел Шамсият гьаюраб ва гIураб росу ккола) Мурад армиялъул мухъилъе ахIана. РакIбацIцIад рагъулаб хъулухъги тIубазабун, тIадвуссарав гьев 2016 соналъ ОМВДялъул мухъилъе лъугьана. ГьабсагIаталда Мурад ОГИБДДялъул ДПСалъул группаялъулъ инспекторлъун хIалтIулев вуго ва гьесул хIалтIуде бугеб рокьиги гьираги тIоцебесеб къоялдасаго бихьулеб буго гIадамазда.

РакIбацIцIад гьабураб хъулухъалъухъ Мурад, мустахIикълъана цо чанго шапакъаталъе.



## Ваха МухIамадкамилович Дерметханов

гьавуна 1994 соналъ Калининаул росулъ.

Росдал гьоркьохъеб школа лъугIун хадув, гьев тIадаб налъи тIубазе армиялде ахIана, тIадвуссун хадув, Ваха ОМВДялъул мухъилъе лъугьана. ХIалтIуда цадахъго (заочно) гьес Дагъистаналъул пачалихъияб университетги лъугIизабуна.

Полициялъул гьитIинав лейтенант В. Дерметханов ОГИБДДялъул ДПСа- лъул инспекторлъун хIалтIулев вуго.

РакIбацIцIад ва бажаризабун гьес хъулухъ гьабулеб букIин бихьизабула гьесие щвараб щуго батIияб шапакъаталъ.



## Раджаб АсхIабгIумарович АсхIабгIумаров

гьавуна 1997 соналъ Гумбет районалъул Игьали росулъ.

Росдал школа лъугIун хадусан, гьев Хасавюрт шагьаралъул аграриябгун экономикаялъул колледжалде лъугьана, ва, гьебги лъугIизабун, тIадаб налъи тIубазе армиялде ана. ТIадвуссун хадув Раджаб нилъер районалъул ОМВДялде хIалтIизе лъугьана.

ТIад къарал ишал ракIбацIцIадго гьес тIуразарулел рукIиналъе нугIлъи гьабула ведомственниял цо чанго шапакъатазе гьев мустахIикълъиялъ.

**МахIмуд ДавудхIажиев**

---

*9 июль-Россиялъул почтаялъул къо!*

# Бокьулеб хIалтIуда



Районалъул чIахIияб гIелалда лъала СССРалъул заманалда почтаялъул, гьелъул хIалтIухъабазул кинаб къимат букIарабали, узухъда, гьелъие гIилла лъаларелги гьезда гьоркьор рукIинчIо.

Бухьеналъул алатал (Интернет, телефон ва гь.ц.) цIикIкIаралдаса почтаялъул къимат дагьалъ гIодобе кканиги, тIубанго гьеб хвечIо. Нижер хIалтIул гIезегIанал рахьал почтаялда хурхараллъун кколелъул, ниж гIемер дандчIвала гьелъул хIалтIухъабигун, ва нижеда лъала гьезул хIалтIулъ ругел церетIеялги гIунгутIабиги.

Почтаялъул къо тIаде щолеб букIин хIисабалдеги босун, дун дандчIвана, 25 соналдаса цIикIкIун, почтальонлъун Калининаул росулъ хIалтIулей йигей Сакинат ГIабдулхIакимовагун.

Гьелъ бицана: *«Дун гьаюна 1961соналъ Калининаул росулъ колхозчагIазул хъи- заналда. Дица хеккого гали тIамизе ккана захIматалъул нухде, щай абуни, нижер хъизаналда букIана 11 лъимер ва гьезие махщел щвеялъе цIализе ине рес букIинчIо. Дица цIали, къасисеб школалдеги хьвадун, лъугIизабуна. Дун колхозалда дояркалъунги школалда уборщицалъунги хIалтIана ва, гьале, 25 соналдасаги цIикIкIараб заманалъ почтальонлъун хIалтIулей йиго. БукIана заман росдал гIадамаз гIемераб къадар газеталгун журналазул,цоцазде кагътазулги хъвалеб,амма бухьеналъе ресал цIикIкIаралдаса ва интернет баккаралдаса, тIубанго тIагIунчIониги, цIакъ дагьлъана.*

*Гьанжеги нижер гIадамаз хъвала батIи-батIиял газеталгун журналал, почтаялдасан рахъ-рахъазде ритIула посылкаби, гьезул заказазул извещениябинижецарукъоре щвезаризе кола.*

*Гьале, гьал дуда рихьулел конвертазул бащдаб къадар дица бикьана, хутIараб бикьизеги буго. Гьел кола нухда хьвадиялъул къагIидаби хвезаруразда тIад гIакIа къотIун букIин лъазабурал кагътал. Ахираб заманалда гьезул къадар цIакъго цIикIкIунеб буго. Цоги, нижеца гIадамазухъе токихъ, газихъ заманалда гIарац кьунгутIиялъул, тIад налъи букIиналъул кагътал щвезарула. Къокъгьабун абуни, ниж, хIалтIи гьечIого, хутIуларо. Дие гьаб хIалтIи бокьула, гурébани, гьадигIан халатаб заманалъ дица гьеб гьабиларо.*

*Гьелъ рес кьола гIемерал гIадамалгун дандчIвазе, лъугьунеб бугеб лъазе. Тохтурзабазги абуларищ сахлъи цIуниялъе лъелго хьвади лъикIаб бугин. РакIалда буго кIолеб бугеб гIанаб заманалъ хIалтIизе.*

*Дица цо васги цо ясги гIезаруна ва гьел жиде-жидер магIишатазда руго. Шапакъаталги кинал дир рукIинел, гIадамаз ракI-ракIалъ кьолеб баркалаялдаса тIадегIанаб шапакъат дие гьечIо.*

*Узухъда, букIуна заман, батIи-батIиял гIиллабаздалъун, заманалда гIадамазухъе почта щвезабизе рес рекъолареб, амма нижер гIадамазда гьеб бичIчIуна ва гьелъухъ гьезие кIудияб баркалаги буго»,-ян.*

Дида Сакинат гIураб хъизан цIакъ лъикI лъалаан. Гьелъул эмен Шиябодин (ж.м.ч.) колхозалда трактористлъун хIалтIулев вукIана. Шиябодиница ва лъади Адипатица жидерго лъимал гьитIинаб къоялдаса захIматалде ругьун гьарун рукIана. Рукъалъул магIишаталъул цо бутIагIаги ккечIеб лъимер гьезда гьоркьоби букIинчIо. Дун колхозалъул ревизионнияб комиссиялъул председательлъун тIамураб заманалда, нижер лъикIаб гьудуллъиги ккана. Гьеб хIалтIи тун хадусанги, ниж гIемер дандчIвалаан.

Гьев вукIана хIалтIи, рагIа-ракьанде щун гьабулев, ракIбацIцIадав, махсаро-хочI гьабулев, гьеб бичIчIунев, хIалимав ва хIеренаб гара-чIвариялъул инсан. Гьесул лъади Адипатги гьединайго гIадан йиго ва гьабсагIаталда гIумрудул 85 сон бугей гьей Сакинатица хьихьун йиго. Гьай-гьай, Сакинатгун ккараб гара-чIвариялда нижеца арал соназ букIаралъул бицен гьабуна, цоцазде чучана.

Гьабураб гара-чIвариялъухъ баркалаги загьир гьабун, дун тIадвуссана.

**МухIамад-Шарип ГIабдулашимов**

*Расул Идрисовасе-95 сон!*

# Политик. ГIуцIарухъан. НасихIатчи. Хъвадарухъан.

Салатавиялъул ракь кидаго бечедаб букIана, гьелъул тIабигIатго гIадин, жидер гьитIинаб ВатIан бокьулел, гьелъие гIоло рухI кьезе хIадурал, гьеб цебетIезабиялъулъги, гьелъул тарихалъулъги, гIадамазул ракIазулъги гьваридаб лъалкI тарал гIадамаздалъун.

Гьелъие мисалаллъун рачине бегьула гIасрабазул гьатазулъан нилъехъе щварал биценалги хъвай-хъваялги. Амма гьеб гуреб дир мурадлъун кколеб, гьаб макъалаялда дие бицен гьабизе бокьун буго тIадехун рехсарал гIадамазда гьоркьоб мустахIикъаб бакI ккoлев, унго-унгояв магIарулав, политик, гIуцIарухъан, насихIатчи ва хъвадарухъан Расул Идрисович Идрисовасул хIакъалъул (ж.м.ч.). Пурусазул аби буго *«Бажари бугев чи сундулъго бажари бугевлъун вукIуна»*,-ян. Гьеб битIараблъун ккoлеб букIин бихьизабуна Расулил тIолабго гIумруялъ.

Расул гьавун вуго 1928 соналъ Дилим росулъ рекьарухъабазул хъизаналда (эмен- Эсенайил Идирис, эбел-Хасбулатил Халунмеседо). ГьитIинго загьирлъун буго гьесул гIелму лъазабиялде бугеб рокьи.

1934 соналъ тIоцебесеб нухалда школалъул рагьде гали тIамурав Расулица 1941 соналъ гьеб, гIицIго *«щуго»* къиматалдалъун, лъугIизабун буго. Гьелъухъ гьев Пятигорск шагьаралда букIараб хIухьбахъиялъул лагералде витIулев вукIуна, амма КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьиялъ гьелъие рес кьоларо. Рагъ байбихьун заман бахъилалде школа къалеб бугилан лъазабула ва Расулие микьго класс лъугIин тасдикъ гьабулеб документ кьола.

1942 соналъ эменги рагъде ун, Расулил кIигъуждузда бегула эбелалъулги анкьго яцалъулги ургъел. Гьес гIемер бицунеб букIун буго жинда киданиги кIочене гьечIин гилавка банка цIураб ханждахъ хIалтIулеб заман. Дол соназ Дилим росдал *«Киров»* колхозалъул председатель, Гуниялдаса Жамалдин Ханбутаевасда бихьула Расул хIисаб гьабиялъе лъикIав вукIин, ва гьес гьев витIула Буртунай росулъа Раджаб ИсмагIиловас рагьарал бухгалтерзабазул лъабго моцIилал курсазде.

Зама-заманалда Буртунаялде вачIунев районалъул ракьул отделалъе нухмалъулес цIакъ хал гьабулеб букIун буго рехсарал курсазда ругезул цIалиялде бугеб бербалагьиялъул, гьев вачIун вуго гьез экзаменал кьолеб заманалдаги. Расулица кьолел жавабазухъги гIенеккун, гьес Расулида абун буго: *«Метер дихъе РайЗОялде вачIа»*,-ян.

Жиндихъе вачIараб къоялъго гьес Расулида тIадкъан буго секретарасул хIалтIи. Гьедин тIамула Р. Идрисовас захIматалъул нухде тIоцебесеб гали. Хадусан гьесда тIадкъала инструктор-бухгалтерасул, ай, ревизорасул хIалтIи.

Щиб хIалтIиялде тIамуниги, Расулица хIаракат бахъулеб букIуна лъай борхизабизе, сверухъ лъугьунеб бичIчIине ва гьелъие битIараб къимат кьезе.

1943 соналъ Расул лъугьуна комсомолалъул мухъилъе, I947 соналъ гьев ВКП (б)ялъул членлъун восула. Гьел соназ гьев ВЛКСМалъул райкомалъул членлъунги вищула. Жиндирго лъай борхизаби мурадалда, 1948 соналъ Расул Хасавюрталъул педучилищеялде (заочно) цIализе лъугьуна.

Гьебго соналъ, гьесул хIалтIиялдехун бугеб ракIбацIцIадаб бербалагьиги бажариги бихьун, гьев тIамула партиялъул райкомалда инструкторасул хIалтIи, хадув росдал магIишаталъул отделалъе нухмалъи гьабизе. Гьеб хъулухъалде тIамулеб заманалда Расул ахIула дол соназ Дагъистаналъул обкомалъул тIоцевесев секретарь, улкаялдаго машгьурав ГIабдурахIман Данияловасухъе, гьединаб къагIида букIуна доб заманалда жавабияб хIалтIуде тIамиялъул. Гьедин гьабиялъ рес кьолаан жавабиял хъулухъазде ракIбацIцIадал, бажари бугел ва жавабчилъи цIикIкIарал гIадамал тIамизе.



Гьеб дандчIваялда Расулица ГI. Даниловасда гьарула жив ВКП(б)ялъул тIадегIанаб школалде цIализе витIеян. ГIабдурахIманица гьесда абула: *«ЛъикI буго, балагьила гьеб дур гьариялдеги, амма гьабсагIаталда дуда тIадкъараб хIалтIи гьабизе лъугьа»*,-ян.

1951 соналда Расул партиялъул райкомалъул кIиабилев секретарьлъун вищула. Гьеб мехалдаги гьев ГI. Даниловгун дандчIваялде ине ккола. Гьеб дандчIваялда гьес Расулида абула: *«Гьалмагъ Идрисов, дида лъала нужер район захIматаб букIин ва дур 23 сон гурони гьечIеблъи. ГьитIинав гIолохъанчи вукIаго дуда тIадкъалеб буго жавабчилъи цIикIкIараб ва тIадегIанаб хъулухъ. Дурго ригьалъул вуго Гьарабудахкент районалъул кIиабилев секретарь Умалатовги. Гьесда бажарулеб хIалтIи дуцаги бажаризабизе ккела»*,- ян.

Расулил анищлъун букIуна партиялъул Централияб Комитеталда цебе гIуцIараб тIадегIанаб школалде цIализе ине, амма гьесулъ букIинчIо, чIейгьечIого, жиндир мурадал тIураялда хадув лъугьин, гьелъ, гьесул анищги *«хIораблъун»* хутIана. Кин букIун батаниги, гьев областалъул кIиго сонилаб партшколалде лъугьуна.

Расулица гьениве лъугьине киналго экзаменал кьун руго хасаб комиссиялда цебе. Гьеб школаги гьес цого «щуйил» къиматаздалъун лъугIизабун буго. КIиабилев секретарасул хъулухъалдаса партшколалде цIализе арав гьев партиялъул райкомалъул лъабабилев секретарьлъун тIамула. Дол соназ нилъер гьаниве партиялъул райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун тIамун вукIуна, чIахIияб гIелалда лъикI лъалев МухIамад Махулов, кIиабилевлъун-Батир Батировги. Гьеб заманалда Расулгун цадахъ хIалтIулел рукIана рагIи данде кколел, иш лъалел ва хIалтIи бокьулел Набигула ХIосенов, Къурбан ТIалхIатов, ХIажи СагIидов, Батирхан Мидиев, Анварбег Айтемиров, Дада Идрисов ва цогидалги.

Дол соназ, райкомалдеги ахIун, М. Махуловас гьесда абула: *«Расул, нилъее кьун буго Гьизляралда бугеб машинабазулгун тракторазул станция (МТС). Гьеб гьанибе гочинабилалде, гьанир разе ккола мастерскаял, цехал, складал, гьелъул контораялъе мина ва цогидалги бакIал.*

*Гьеб гочинабизе техника дуцаго балагьизе ккола, гьелъие специалистал хIадуриги дуда тIад хутIула. Духъа гурони, гьеб бажарулареблъиги дида лъала»*,- ян.

Цо ккараб гара-чIвариялда (Гертмаялдаса МухIамад Дадаевгун (ж.м.ч.)) Расулица бицун буго: *«БитIараб бицани, МухIамад, 58 соналъ гьабураб хъулухъалъулъ гьеб МТС гочинабиялъулъ, 1970 соналъ ккараб ракьбагьариялъул хIасилал тIагIинариялъулъ гIадинаб захIмалъи дида киданиги дандчIвачIо.*

*Гьеб заманалда дие хIалхьи щвечIо, абизе бегьула дида макьуцин кIочанин. Кин букIун батаниги, дида бажарана цере лъурал масъалаби бетIералде рахъинаризе.*

*Цадахъ хIалтIулел рукIаразги цIакъ хIаракат бахъана гьел тIуразаризе, гьезие ракI-ракIалъулаб баркалаги буго»*,-ян.

1959 соналъ Р. Идрисов нахъеги райкомалъул кIиабилев секретарьлъун вищула. 1961 соналъул ноябралда гьесда тIадкъала районалъул депутатазул исполкомалъул председателасул хъулухъ бачине. Гьеб хъулухъалда тIатана гIуцIарухъанлъиялъе Расулил букIараб махщел. Район цебе тIезабиялъеги гIадамазул гIумру лъикIлъизабиялъеги дол соназ Р. Идрисовас гIемераб хIалтIи гьабуна. (Дилималде Гуниялдаса лъим бачана, хIалтIизе биччана баня, росабалъ чIезабуна ток, идарабазе рана минаби, районалъе *«Гьалако»*-ялдаса 1200 гектар ракьул кьезабуна. Гьел ишал ккола Расулица гьарурал хIалтIабазул гьитIинабго бутIалъун. Кинабго жиндир махщел,къуват захIматалъе кьурав Расулил сахлъиялъ *«кьватIеп»* рехула ва гьев больницаялде ккола. Москваялда вукIарав гьесда МахIачхъалаялдасан лъазабула ЦIияблак, Гумбет ва Казбек районазе нухмалъи гьабиялъе цо управление гIуцIулеб ва гьелъие бетIерлъи гьаби дуда тIадкъазе бугилан. Расулица бугеб ахIвал-хIал бицуна ва божилъиялъе рекIкI кесе бегьулеблъи загьир гьабула. Лъабго моцIалдасан тIадвуссарав гьесда ГI. Даниловас абула обкомалда хIалтIизе кколилан, амма гьелъие гьесул рукъосан рес рекъоларо. Расулида тIадкъала партиялъулгун пачалихъалъул хъаравуллъиялъул комитеталъул председателасул хIалтIи, хадусан-райкомалъул кIиабилев секретарасул хъулухъ. Гьеб хъулухъ гьес 6 соналъ бачуна.

1972-1979 соназ Р. Идрисовас районалъул исполнительнияб комитеталъул председателасул ишал тIуразарула. Гьеб заманалдаги Расулица жигараб гIахьаллъи гьабула районалъул социалиябгун экономикияб рахъал цебетIезабиялъулъ. Расул рехсараб хъулухъалда вукIаго Хасавюрт-Дилим шагьранухда хъил тIола, Алмахъалда чундузул комплекс бала, рахьдал товарияб бакIал рала, бакI-бакIазде лъим бачуна, цIиял культураялъул рукъзал, школал эхетула, нухал, кьоял къачIала ва гIемерал цогидалги пайда цIикIкIарал ишал гьарула.

Гьединго, Расулица нухмалъи гьабула ракьбагьариялъул хIасилал тIагIинариялда тIад хIалтIулеб комиссиялъеги. ГьитIинаб заманалдаса байбихьун, бихьараб захIмалъиялъ, гIолилаб ригьалдаса ва къаси-къад чIечIого, хIалхьи гьечIого хутIичIо. Расул унтула ва гIумрудул 51сон гурони букIинчIев гьев, персоналияб пенсияги чIезабун, хIалхьиялде витIула.

Амма хIалхьиялде унилан гIодовчIун чIолеб хасият гьесулъ букIунаро. Щуго соналъ гьес районалъул тIабигIат цIуниялъул гIуцIиялъул жавабияв секретарасул хIалтIи гьабула ва гьеб хъулухъалда Расул республикаялъул премиялъул лауреатлъун вахъуна. Ункъо соналъ гьес Дилим росдал совхозалъул директорасул заместительлъи гьабуна.

1988 соналдаса Расулица районалъул рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъе нухмалъи гьабула. Гьев киданиги камичIо жамгIиял ишазулъа, гIемерал гIадамал щолаан гьесухъе гIакълу данд базе, щайгурелъул, Расулил лъайги гIумрудул хIалбихьиги рукIун. Гьес лъиениги инкарги гьабулароан.

30-ялдаса цIикIкIун соналъ гьев вукIана партиялъул райкомалъул бюроялъул членлъунги районалъул депутатазул Советалъул депутатлъунги. Гьел соназул 20 сон гьес кьуна жавабчилъи цIикIкIарал хъулухъазе (райкомалъул кIиабилев секретарь, райисполкомалъул председатель).

Дол соназ районалъул социалиябгун экономикияб рахъал церетIеялъулъ, гьеб республикаялъул ХIурматалъул хъорщодегун захIматалъул Реццалъул тIехьалде босиялъулъ, гьелъие цо чанго нухалда хьвадулеб БагIараб Байрахъ щвеялъулъ Расулилги бутIа букIараблъиялда кинабниги щаклъи гьечIо. Гьединго, гьес цIиял кадраби хIадур гьариялъулги кIудияб бутIа лъуна.

Къокъгьабун абуни, дол соназ районалъул гIумруялъулъ Расулица кверчIвачIеб рахъал хутIичIо. ТIадехун рехсарав М. Дадаевгун ккараб гара-чIвариялда гьес бицунеб буго: *«Бищунго реклее захIмалъулеб букIуна дуца божи гьабулебщиналъулъ гьересияб тIатин. Партиялъул 20-аб. съездалде щвезегIан, дун тIубанго божулаан гьелъие нухмалъулез бицунелда, амма пачалихъалъул экономика цебетIезабиялъулъ, халкъалъул гIумру лъикIаб рахъалде хисизабиялъулъ бицинегIанасел хиса-басиял кколел рукIинчIелъул, дир гьезул политикаялда щаклъизе бачIана.*

*КIиго рахъалдасан ккун гурони, эхеде ворхуларев Черненко улкаялъул бетIерлъун вищараб заманалда дида тIубанго бичIчIана иш кибе кколеб бугебали. Гьел соназ цояб бицунеб цогидаб гьабулеб рахъалги цIикIкIана.*

*Узухъда, Советияб власталъ гIемер лъикIал ишал гьаруна, амма гьелъ хъвадизабулеб политикаялъулъ чIахIиял гъалатIалги рукIана (бажари, магIишат бачине махщел бугел рекьарухъаби, кулакалин цIарги кьун, тIагIинари, щибниги гIайиб гьечIел гIадамал туснахъ гьари, хIалалдалъун колхозал гIуцIи, тIолабго дунялалда социализм гIуцIизе кколин лъазаби ва гь.ц.).*

*Сонал анагIан цIикIкIана, жидерго хасал мурадал тIураялъе гIоло, хъулухъал ралагьулезул къадар, бажари букIиналъухъ балагьичIого, гIадамал чIахIиял хъулухъазде тIамиялъул хIужаби, гьелъул бицун лъугIуларо, чIахIияб гIелалда гьеб цIакъ лъикI лъала. БукIана заман, хъулухъазда ругезда чIахIиял минаби разе, машинаби, хирияб къайи-цIа босизе гьукъулеб. Дун киданиги гьезда хадув лъугьинчIо, гьеб чIезабизе ракIалдеги дида ккечIо. ТIолабго гIумруялъ дир бечелъилъун рукIана лъимал, сверухъ ругел лъикIал гIадамал, хIажалъи ккун, дихъе рачIараз дие кьолеб ракI-ракIалъулаб баркала ва гIадамаз гьабулеб адаб-хIурмат.*

*Ахириял соназ улкаялда лъугьарал хиса-басиязул бицинеги дун лъугьинаро, дунялалъул 6-абилеб бутIа ккураб пачалихъ биххиялъ, хадусан кквараб лъугьа- бахъиназ бихьизабула бетIерлъуде рачIаразул щиб мурад букIарабали. ЗахIматаблъун ккола гьез бихьизабулеб нухдасан ине ккей»*,-ан.

*(Ахир 4 гьумералда)*

*(Байбихьи 3 гьумералда)*

Р. Идрисовасул ракIбацIцIадаб хIалтIи тIалъиялда ругезда бихьичIогоги хутIичIо. Гьев кIодо гьавуна *«ХIурматалъул гIаламат»* кIиго орденалдалъун, 6 медалалдалъун, гIемерал пачалихъиял ХIурматалъул грамотабаздалъун, *«Дагъистан Республикаялъул гIолилазул мустахIикъав насихIатчи»* цIаралдалъун ва цогидалги шапакъатаздалъун.

Расулица киданиги гьел тIалаб гьаричIо, гьесие шапакъатал кьуна бажаризабун, ракIбацIцIад, рагIа-ракьанде щун, тIаде росарал ишал тIуразариялъухъ. Гъутабаздаса байбихьун ва мугIрузде гIунтIун, Расулица хIетIе чIечIеб бакIги нилъер районалда хутIичIо.

Аби буго: *«Бихьинчияс гIадада гIумру биччачIеблъиялъе нугIзаллъун кколин гьес бараб минаги, гIезавурав васги ва чIараб гъветIги»*,-ян. Гьеб абиги, тIасан унги, Расулица тIубазабуна. Гьесги лъади Муслиматицаги 7 лъимер (4 васги 3 ясги) гIезаруна, гьел киназего тIадегIанаб лъай кьуна ва гIумрудул нухдаги тIоритIана.

Цоги, Расулица гIумрудулъ жинда бихьа-таралъул, рукIарал лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъ (вакьад, мугIалим, *«Ленинил»* орденалъул кавалер ПIизудин ШейхулисламхIажиевасго гIадин) хъвайхъваялги гьарулаан. Гьезул хIасиллъун ккана Расулица къватIире риччарал *«КIиго миллаталъул вас»* ва *«Салатавиядир чIухIи»* абурал тIахьалги, амма гьесул архивалда руго жеги гIемерал хъвайхъваял.

ПумрудуI сонazухъ балагьичIого, Расулица жигараб гIахьаллъи гьабулаан жамгIиял хIалтIабазулъги. Жиндаго хIалтIизе кIолеб гьечIониги, малъахъваял гьаризегIаги гьев ишазулъа камулароан.

Заманалъ жиндирабго босичIого толаро. ГIумрудулъ дандчIварал захIмалъабаз Расулил сахлъи чучлъизабичIого течIо.

Пумрудул 82 сон тIубачIев Расул (2010 соналъул 6 январалда) даимаб рукъове ана. ЛъикIав инсан, бажаригун махщел букIарав хъулухъчи, политик, гIуцIарухъан, насихIатчи ва хъвадарухъан Расул Идрисов даималъ хутIила гьев лъалев рукIарал тIолазуло ракIазулъ.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

# Балугълъиялде рахинчIезул комиссиялда

22 июналда районалъул администрациялда тIобитIана балугълъиялде рахинчIезул ишазулгун гьезул ихтиярал цIуниялъул комиссиялъул иргадулаб данделъи.




Гьеб тадбиралъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана районалъул волонтёразул багъа-бачариялъулъ бугеб ахIвал-хIалалда, батIи-батIиял профилактикаялъулал хIисабазда ругел балугълъиялде рахинчIел кIвар цIикIкIарал социалиял тадбиразде гьоркьоре цIаялда, законалде данде кколарел рагъулал формированиябазда гьоркьор Сириялда рукIарал гьединазул лъимал социалияб реабилитациялде гьоркьоре рачинала, наркоманиялде гIолилал риччангутIиялъе ОМВДялъул, ЦРБялъул ва лъайкьеялъул гIуцIабаз цадахъаб хIалтIи гьабиялда хурхарал суалал.

Районалда волонтёразул багъа-бачариялъулъ бугеб ахIвал-хIалалъул гьениб бицана физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул комитеталъул бетIерав специалист Мурад Ибрагьимовас.

Гьес абуна: *«ГьабсагIаталда «ЛъикIлъи. РУ» сайталда бугеб сияхIалъулъ вуго 276 цIалдохъан. Гьез жигараб гIахьаллъи гьабулеб буго батIи-батIиял тадбиразда, гьезулъ кIудияб бакI ккола Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъулъ гIахьаллъулезул, гьенир гIумруялдаса ратIалъаразул хъизабазул рахъккеялъе волонтёраз гьарулел ишаз»*,-ан.

Гьес бицаралда хурхун, комиссиялъул членаз лъикIаблъун бихьизабуна волонтёразул багъа-бачариялъулъе, тIоцебесеб иргаялда, батIи-батIиял профилактиялъулал хIисабалда ругел гьоркьоре цIазе. Гьез лъайкьеялъул гIуцIабазе нухмалъулезул кIвар *«ТIоцересезул багъа-бачари»* жамгIияб гIуцIиялъулъе лъимал цIай лъикIаб букIиналдеги буссинабуна.

Гьебго суралда тIасан кIалъаял гьенир гьаруна КЦСОНалъул социалияб рахъалъ лъималазе, рукъор ругел хъизабазе хъулухъ гьабиялъул отделениялъе нухмалъулей Зайнаб Пазизовалъ, социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул управлениялъул директорасул заместитель Марина ГIумаровалъ, Ленинаул росдал №1 гьоркьохъеб школалъул психолог ШапагIат Ахиевалъ, лицеялда тарбия кьеялъул рахъалъ директорасул заместитель Наида МухIамадовалъ, Калининаулалъул байбихьул школалъул лъайгун тарбия кьеялъул рахъалъ директорасул заместитель Сапият АбутIалиповалъ ва Ленинаулалъул № 2 гьоркьохъеб школалъул социалияв педагог Марьям Гьирисхановалъ.

Наркоманиялде гIолилал риччангутIиялда сверухъ гьабулеб цадахъаб хIалтIиялъул хIакъалъулъ гьеб тадбиралда бицен гьабуна ОМВДялъул балугълъиялде рахинчIезда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул начальник Рустам Палисултановас, ЦРБялъул нарколог ХIабиб ЛатIиповас ва лъайкьеялъул управлениялъул начальникасул заместитель ХIусен Зубайриевас.

Балугълъиялде рахинчIезда гьоркьоб гьабулеб хIалтIуе гьоркьохъеб къиматги кьун, комиссиялъ рехсарал суалал жидеде кколел гIуцIабазе лъикIаблъун бихьизабуна гIолилал пайдаял ишазде гьоркьоре цIаялде, цадахъаб хIалтIи гучлъизабиялде кIвар буссинабизе.

Гьединго, комиссиялъ ОМВДялъул, рехсарал суалал жидеде кколел гIуцIабазул хIалтIухъаби квешал пишабазде гIолилал цIаялъе квербакъулел тамихIалде цIалдеги ахIана.

***МуртазгIали МухIамадов, комиссиялъул жавабияв секретарь***

# Наркоманиялде данде къеркьеялда хурхун

Дагъал цересIан къояз районалъул культураялъул Централда тIобитIана, *«Наркомания-21 гIасруялъул къавуда»* цIаралда гъорк, наркоманиялде данде къеркьеялда хурхараб гIатIидаб данделъи.

Районалъул диниял церехъабазул ва администрациялъул хIаракаталдалъун тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана росабазул бутIрулгун имамзаби, депутатал, ОМВДялъул хIалтIухъаби, гIолилалгун хIалтIи гьабулел жамгIиял гIуцIабазул церехъаби ва цогидалги.

ДандчIваялъул хал гьабиялде босун букIана гIолилаз наркотикал хIалтIизари цIикIкIунеб букIиналда хурхараб суал. Данделъиги рагьун, районалъул бетIер XI.XI. Мусаевас, гьеб тадбир гIуцIаралъухъ, цIи вищарав районалъул имамзабазул Советалъул председатель МухIамадрасул МухIамадгъазиевасе баркала кьуна.



*«Нилъ кидаго наркотикал хIалтIизариялде, квешал пишабазде гIолеб гIел цIаялде данде къеркьолел руго. Наркотикал хIалтIизарулезул хъизаби риххула, дагь-дагь ккун, гьезул гIумруялъулъги нахъе ккей, къадарлъи баккула»*,-ян абула гьес.

Хадусан кIалъарав Ибрагьим Шапиевас (ОМВДялъул полициялъул начальник) бицана ахириял соназ районалда *«Лъазабе-киб хвел бичулеб бугебали?»*, *«Мак»* акциял, ОМВДялъул хIалтIухъабаз школазда наркоманиялде данде профилактикаялъулал гара-чIвариял тIоритIулел рукIиналъул.

Гьез гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ зама-заманалда *«Чапар»* газеталъул гьурмазда ва цогидалги информационниял алатазда хъвалеб буго. Гьедин бугониги, араб соналде данде ккун, районалда цIикIкIун руго наркотикал хIалтIизариялъул хIужаби.

Хадув кIалъарав Гьизляр районалъул имамзабазул Советалъул председатель Шамил БахIандгIалиевас тIадчIей гьабуна наркоманиялъ хъизан-лъималазул къадру-къимат гIодобе ккезабулеб букIиналда.

Районалъул Централияб больницаялъул тохтур-нарколог ХIабиб ЛатIиповас гьениб бицана цIалдохъабазда гьоркьорги синтетикаялъул наркотикал хIалтIизариялъул хIужаби рукIиналъул.

Гьеб данделъиялде хасгьабун ахIарав гьоболлъун вукIана наркоманал сахгьариялъул «ХIукму» Центр гIуцIарав, нилъер ракьцояв МухIамадзайид Зайидов. Гьесги жиндирго кIалъаялда тIадчIей гьабуна наркомания унти ккoлеб букIиналда ва гьеб сахгьабиялда тIад, цадахъ рекъон, пачалихъалъулал, диниял, жамгIиял гIуцIаби хIалтIизе ккoлел рукIиналда.

*«Гьедин гьабуни, наркоман сахлъизавизе кIвезе вуго»*,-ян абуна гьес.

Гьединго, данделъиялда кIалъана тIадехун рехсараб Централда наркотикал хIалтIизариялдаса хвасар гьавуравги. *«Казбек районалъул гIолилал»* гIуцIиялъул председатель Пабдула ХIасановасги бицана гIолилаз наркотикал хIалтIизари тIагIинаби кIвар цIикIкIараб суаллъун ккoлеб букIиналъул.

Нилъер районалъул имамзабазул Советалъул председатель М-р. МухIамадгъазиевас гьениб абуна: *«Полилал квешал пишабазде унгутIиялъе гьабулеб хIалтIи букIине ккола цадахъаблъун ва мухIканаблъун. ЛъикIаб буго, гьелъулъе росабазул бутIруздаса байбихьун жамгIиял гIуцIабазе гIунтIун, цIазе»*, -ян.

***Ибрагьим Идрисов***

*Имам Шамилие- 226 сон!*

# Имам Шамил-тарих ва таватур

Нилъеда лъала пачаясулаб Россиялъ Кавказалда хIалтIизабулеб букIараб политикаялде дандечIеялъулъ имам Шамилица кинаб бутIа лъурабали. Халатбахъараб гьеб къеркьеялъул хIакъикъаталъул хIакъалъулъ гIемерал биценал, хъвай-хъваял рукIинги бальголъи гуро. КъватIисел пачалихъаздацин руго Шамилил хIакъалъулъ рахъарал тIахьалги гьесие лъурал памятникалги.

Шамилица гIуцIараб пачалихъ (имамат) дунялалда рукIарал пачалихъиял гIуцIабазда гьоркьоб бищунго лъикIазул цояблъун рикIкIунаан.

Узухъда, Шамилил гIумруялда, гьесул къеркьеялда хурхарал тадбирал тIоритIула нилъер районалдаги. Гьезул хасаб бакI ккола культураялъул рукъзабахъ, библиотекабазда ва школазда тIоритIулел батIи-батIиял данделъабазгун тадбираз.

Гьединазул цояблъун букIана дагьал цересIан къояз Къуръан ва Исламалъул кьучIал лъазариялъул риидалил курсазде хьвадулел цIалдохъабазе, имам Шамил гьавуралдаса 226 сон тIубаялда хурхун, районалъул Централияб библиотекаялъул хIалтIухъабаз, *«Дарс-ракIалдещвей»* цIаралда гъорк, тIобитIараб тадбирги.

Пачаясулаб Россиялъ Кавказалъул миллатал мутIигI гьаризе байбихьиялъул, гьелда дандечIеялъе гьез бахъараб хIаракаталъул, гьезул бахIарчилъиялъул, къохIехьеялъул хIакъалъулъ гьениб бицана ЦРБялъул директорасул заместитель МухIамадхIабиб МухIамадхIабибовас.

Жиндирго биценалде гьоркьоре гьес цIалдохъабиги цIана, гьелъ, тадбиралъе кьун букIана хасаб чIаголъи. Гьениб лъималаз хIаракат бахъулеб букIана Имам Шамилил къеркьеялда хурхараб ва жидеда лъалебщинаб загьир гьабизе. Данделъи гIуцIараз гьезие лъалеб бицине ресги кьуна.

Тадбир гIуцIиялда ва берцинго нухда иналъе квербакъана библиотекарь ПатIимат Салмановалъ хIадурарал тIахьазул экспозициялъги.

РакIалде ккола гьеб тадбир лъималазе гIезегIанаб пайда кьураблъун букIанин.

***Зульмира Адилмирзаева, ЦРБялъул директор***

# «Россиялъул бахIарчи» цIаралъе вихьизавуна

Нилъеда лъала нилъер районалдаса гIезегIанаб гIолохъаби Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъулъ гIахьаллъулеб ва гьел бахIарчиго рагъулел рукIинги.

Гьелъие мисалал рачине кколаро, нижеца гьезул щивасул хIакъалъулъ макъалаби къватIире кьолел руго.

Районцоязда лъалеб батила нилъер ракьцояв, Хасавюрт шагьаралда яшав



гьабун вукIарав, «БахIарчилъиялъул» орденалъулгун медалазул кавалер Юнус Джамалов, гьалмагъзаби тушманасдаса рорчIизари мурадалда, гьелги нахъе ритIун, гIумруялдаса ватIалъизегIан, тушманасде кьвагьдараблъи.

Дагъал церегIан къояз гьев бахIарчи гIагараб Ленинаул росулъ вукъана. Гьал къояз Юнусица хъулухъ гьабулеб букIараб часталъул командир, подполковник Иван Жолобов Юнусил хъизангун гIага- гIунтIаразухъе щвезе вачIана. Гьенир гIахьаллъана Хасавюрталъулгун нилъер районалъул жавабиял хIалтIухъабиги.

Гьениб И. Жолобовас бицана рагъулаб хъулухъалъулъе лъугьаралдаса Юнусица гьеб ракIбацIцIад, бажаризабун ва махщалида тIубазабулеб букIараблъиялъул, гьалмагъзабазул гьес гьабулеб букIараб адаб-хатиралъуги тIалаб-агъазалъулги хIакъалъулъ, ва абуна Юнусие *«Россиялъул бахIарчи»* цIар кьеялъе документал оборонаялъул министерствоялде ритIун ругилан. Гьев Юнусил хабадеги щвана.

Нилъер районалъул депутатазул Собраниялъул председатель Гьирисхан Гьирисхановас, ХIажимурад Мусаевасул ва депутатазул рахъалдасан, И.Жолобовасе хвалчен сайгъат гьабуна.

Гьеб дандчIваялда Хасавюрталъул бетIерасул заместитель Арсен МуртазгIалиевас абуна Юнусил хъизаналъе хIажатабщинаб чIезабиялъе жидеца кврбакъизе бугилан.

***«Салатавия» сеталъул издание***

# ТIадаб налъи тIубалаго

**Шамиль СалихIбиевич РурахIмаев**



гьавуна 1988 соналъ Калининаул росулъ. 2006 соналъ гIагараб росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, гьев МахIачхъалаялъул финанасазул правовияб институталде лъугьана.

2009 соналъ Шамиль тIадаб налъи тIубазе рагъулаб хъулухъалде ахIана ва, 2010 соналъ ракIбацIцIадго гьебги тIубазабун, тIадвуссана.

2012 соналъ, къотIи-къайги хъван, рагъулаб хъулухъалъулъе лъугьана. Гьев Сириялда тIобитIулеб букIараб хасаб рагъулаб операциялъулъги гIахьаллъана. Гьенив гьев *«Хасал шартIазул хъулухъазда бихьизабураб тIокIлъиялъухъ», Сириялда тIобитIараб СВОялъул гIахьалчи»* медалазе мустахIикълъана.

Украиналда хасаб рагъулаб операция тIобитIизе байбихьаралдаса Шамиль гьелъулъ гIахьаллъулев вуго ва гьениб бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ гьев *«Украиналда тIобитIулеб СВОялъул гIахьаллъи», «Жуковасул»* медалаздалъун кIодо гьавуна.

**Инус Мавлидинович Будайханов**



гьавуна 1989 соналъ Ленинаул росулъ. Росдал №2 гьоркьохъеб школалда 9 классги лъугIизабун, 2009 соналъ гьев армиялде ана.

2010 соналъ тIадвуссарав Инусие ракIалъ кинго хIалхьи толеб букIинчIо рагъулаб хъулухъалде тIадвуссинчIого ва гьев, къотIи-къайги хъван, гьелде тIадвуссана.

2012 соналъ гьесда тIадбазабуна разведкаялъул снайперасул пиша, 2013 соналъин абуни, гьев разведчик-пулемётчиклъун тIамуна. Инусил рагъулаб хъулухъалде бугеб ракIбацIцIадаб ва хIинкъи лъалареб бербалагьиги бихьун, гьев гIадлу-низам чIезабиялъул взводалъул командирлъун тIамуна.

2022 соналъул февралалда Украиналда хасаб рагъулаб операция байбихьаралдаса Инус гьелъулъ гIахьаллъулевги вуго. Гьениб бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ гьев III-абилеб даражаялъул «Хъулухъалда тIокIлъиялъухъ», *«Рагъулаб бахIарчилъиялъухъ»* ва *«СВОялъул гIахьалчи»* медалазе мустахIикълъана.

**Шамиль МахIачевич Гьашимов**



гьавуна 1991 соналъ Калининаул росулъ. 2008 соналъ росдал гьоркьохъеб школа лъугIарав Шамиль МахIачхъалаялъул дизайналъулгун экономикаялъул ва правоялъул техникумалде лъугьана. 2010 соналъ армиялъул мухъилъе лъугьарав гьесул ракI рекъана гьениб бугеб низамалда. Рагъулаб хъулухъалдаса тIадвуссаниги, гьесда кинго кIочонел рукIинчIо армиялда рукIунел режим цIуни, гIадлу-низам гьениб кколеб щулияб гьудуллъи, цоцазда лъазабулеб вацлъи ва цогидалги лъикIал рахъал.

Гьелъ гьесул къотIи ккана жиндирго гIумру рагъулаб хъулухъалда бухьинабизе, ва гьев, къотIи-къайги хъван, гьелде тIадвуссана. Шамилица ракIбацIцIад гьабулеб хъулухъ гьесул командирзабазда бихьичIого хутIичIо, ва гьез гьесда тIадкъана отделениялъул командирасул хъулухъ.

Украиналда хасаб рагъулаб операция тIобитIизе байбихьаралдаса гьев гьелъулъ гIахьаллъулевги вуго. Шамилил бахIарчилъиги нахъекъай гьечIолъиги бихьун, командованиялъгьев *«Рагъулал тIокIлъабазухъ»* ва *«БахIарчилъиялъухъ»* медалаздалъун кIодо гьавуна.

***МухIамадгIазиз ХIамидов***

# Республикаялъул туристазулгун гIагараб ракь лъазабулезул слёт

21-25 июналда нилъер районалда, тIадехун рехсараб цIаралда гьоркь, (туристазул гIурдаллъиялда, *«Юрт»* участок) тIобитIана слёт. 67-абилеб нухалда тIобитIараб гьеб слёт хурхинабун букIана Дагъистаналъул Халкъияв поэт Расул ХIамзатов гьавуралдаса 100 сон тIубаялда.

Слёт гIуцIун букIана республикаялъул МЧСалъ, лъайкьеялъул министерствоялъ ва пагьму бугел лъимал тIатинариялъул *«Альтаир»* централъ.

Гьеб тIадегIанаб даражаялда тIобитIиялда тIад гIезегIанаб хIалтIи гьабуна районалъул администрациялъ, лъайкьеялъул управлениялъ, ЦТКНРалъ, физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъ, *«Цогояб Россия»* партиялъул бакIалда бугеб отделениялъ.

Слёт тIобитIиялъе мурадлъун букIана цIалдохъабазул туризмалдегун гIагараб ракь лъазабиялде рокьи цIикIкIинаби, ралагьиялъулгун хвасар гьариялъул хIалтIи лъикIлъизаби ва тIабигIиял балагьяздаса цIуна-къай букIиналъе квербакъи гьабизе цIалдохъаби ругьун гьари.

22 июналда гьенибго тIобитIараб *«СихIкъотIиялъул минута»* акциялда гIахьаллъана 200 ялдаса къадар цIикIкIарал цIалдохъаби. Гьезухъ КIудияб ВатIанияб рагъулъ гIахьаллъарал жидерго цебесеб гIагарлъиялъул чагIазул сураталги рукIана.

Гьеб акциялда кIалъазе рахъана нилъер районалъул бетIер ХIажимурад Мусаев, Аймесе Дибирова (республикаялъул пагьму бугел лъимал тIатинариялъул *«Альтаир»* Централъул директор), Ислам Ибрагьимов (республикаялъул МЧСалъул управлениялъул начальник), Ислам МухIамадов (*«Дагъистаналъул гIагараб ракь лъазабулел»* журналалъул бетIерав редактор).

Гьезул кIалъаял рукIана КIудияб ВатIанияб рагъулъ фашистазул Германиялда тIад бергьенлъи босиялъе Советияб Армиялъул рагъухъабаз гьарурал бахIарчиял ишазда, тылалда рукIаразул захIматаб хIалтIуда, жакъа Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъулъ гIахьаллъулел Дагъистаналъул гIолилазул гьунаразда хурхарал.



Гьениб акциялда гIахьаллъаразда цебе багIараб ххамил «Нижеда ракIалда руго» баннер тIибитIана ва акциялъул гIахьалчагIаз ТIолгороссиялъул *«СихIкъотIиялъул минута»* акция тIобитIана.Слёталда, батIи-батIиял номинациябазда, къецал тIоритIана. Гьениб *«ЦIалдохъабазул хIинкъигьечIолъи букIинаби»* номинациялда *«Писинал классазул группаби»* тIоцебесеб бакIалде бачIана Гъизилюрт шагьаралъул №9 школалъул цIалдохъабазул команда, кIиабилеб бакIалде-гьелъулго районалъул Нечаевка росдал гьоркьохъеб школалъул команда ва лъабабилелде- Буйнахъск шагьаралъул лъималазул творчествоялъул Рукъалъул команда.

Полилазул гьоркьохъел группабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI босана ЦIумада районалъул школалде иналде лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул Централъул командаялъ,кIиабилеб бакI щвана Ленинаул росдал №2 гьоркьохъеб школалъул командаялъе ва лъабабилеб - Пахьвахъ районалъул командаялъе.

ЧIахIиял классазул цIалдохъабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI босана Лаваша районалъул Хъуппа росдал гьоркьохъеб школалъул командаялъ, кIиабилеб - МахIачхъала шагьаралъул №33 школалъул командаялъ, лъабабилеб -Дербент районалъул Мамедхъала поселокалъул школалъул командаялъ.

Призалъулал бакIал росарал гьенир кIодо гьаруна кубоказдалъун, медалаздалъун, дипломаздалъун ва ракIалдещвеялъул сайгъатаздалъун.

***Ибрагьим Идрисов***

*22 июнь- пашманлъиялъулгун ракIалдещвеялъул къо!*

# КIочене биччангутIи мурадалда

Нилъер лъида лъалареб 1941 соналъул 22 июналда фашистазулаб Германия нилъеде тIаде кIанцIараблъиги гьелъул кинал хIасилал рукIараллъиги.Гьеб рагъул вахIшилъиялъул, гьенир ккарал камиязул, рагъ лъугIараздаса 78 сон аниги, бицун лъугIунеб гьечIо. Жеги сахлъулел гьечIо гьелъ нилъер ракьалдагун гIадамазул ракIазулъ тарал ругъналги.

БакътIерхьул цо-цо пачалихъазул бутIруз хIаракат бахъулеб буго гьеб рагъда нилъер гIадамаз бергьенлъи босиялъулъ лъураб аслияб бутIаялъул къимат гIодобегIан гьабизеги доб заманалъул лъугьа- бахъинал кIочене кколин пикраби жамгIиятальул ракIазулъе рещтIинаризеги.



Германиялда тIад бергьенлъи, гьезул пикруялда, Англиялъги США-ялъги босун буго. Нилъеда тIадаб буго доб рагъул хIакъикъат гIолеб гIелалъухъе кьезе ва гьеб кIочене биччангутIиялда тIад хIалтIизе.

Гьедин букIиналъ 22 июнь нилъер улкаялда лъазабун буго ракIалдещвеялъулгун пашманлъиялъул къолъун. Гьеб къоялъ тIолабго Россиялда тIоритIула рагъда хурхарал батIи-батIиял тадбирал, узухъда, гьезулъ жигараб гIахьаллъи гьабула нилъер районалъги.

Культураялъул ва цогидал гIуцIабазул хIалтIухъабаз 22 июналда гIуцIула рагъда хурхарал букIонал, тIоритIула данделъабиги. Гьединал букIонал, ракарал хIедучирахъал цереги лъун, гIуцIана районалъул централияб библиотекаялъул, росабазул библиотекабазул ва культураялъул рукъзазул хIалтIухъабаз.

ГIадатлъун лъугьун букIахъе, 22 июналда хурхараб тадбир тIобитIана Дилим росулъ бугеб ЦIарлъаларев рагъухъанасе эхетараб памятникалъухъги. ТIолабго Россиялда, *«РакIалдещвеялъул хIедучирахъ»* цIаралда гъоркь, тIоритIарал данделъабазул цояблъун букIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана районалъул администрациялъул, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби, жамгIиял церехъаби, гIолилазул гIуцIабазул вакилзаби ва цогидалги.

Гьез, минуталъулаб сихIкъотIиялдалъун, ракIалде щвезаруна КIудияб ВатIанияб рагъдагун Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда гIумруялдаса ратIалъарал нилъер рагъухъаби.

Гьенир кIалъазе рахъарал жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Басир Нуцаловас, Дагъистаналъул ТОКСалъул командирасул заместитель, лъималазулгун гIолилазул туризмалъул ва гIагараб ракьалъул тарих лъазабиялъул Централъе нухмалъулев Арсен ХIайбулаевас гьениб бицана, КIудияб ВатIанияб рагъулъ гIахьаллъарал, фашизмалда тIад бергьенлъи босарал ракIалдещвезариялъул къоялда хурхун, тIолабго Россиялда гьединал тадбирал тIоритIулел рукIиналъул, нилъер гIадамаз бергьенлъи босиялъулъ лъураб бутIаялъул.

ГьабсагIаталдаги нилъер улка биххиялда тIад БакътIерхьул улкабазе нухмалъулел хIалтIулел рукIиналъул, Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операция тIобитIизе ккеялъул ва гьенир нилъер гIолохъаби бахIарчиго рагъулел рукIиналъул.

Гьединго, гьений кIалъазе яхъарай лицеялъул тарихалъул мугIалим Маржанат Яндаевалъ данделъаразе бицана КIудияб ВатIанияб рагъул цо-цо хIужабазул хIакъалъулъ. Культураялъул Централъул директорасул заместитель Рамазан Гьанищевас гьениб Расул ХIамзатовасул *«Ниж къого миллион руго»* абураб кечI рикIкIана. Тадбир ахиралде щвана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIи ракIалдещвезариялъул хIедучирахъал ракиялдалъун. Гьеб нухда бачана МухIамад Дудуевас.

ТIадехун рехсаралго гIадинал тадбирал тIоритIана социалияб рахъалъ гIадамал хьезариялъул централъул ва Алмахъ росдал библиотекаялъул хIалтIухъабазги.

КЦСО-налъул цо кабинеталда хIалтIухъабаз хIадурун букIана СВО-ялда гIумруялдаса ратIалъаразул суратал, тIугьдул ва ракарал хIедучирахъал лъураб букIон. Гьениб тIобитIараб данделъиялда рукъор ругезухъе щвеялъул отделалъе нухмалъулей Салимат Улубиевалъ данделъаразе бицана СВО-ялъул гIахьалчагIазул бахIарчилъиялъул, гьарана киназего рекъел ва лъикIабщинаб.

Гьелдаса хадуб киналниги социалиял хIалтIухъаби КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазул нахъе хутIарал хъизабахъе ва жидер къаймимлъиялда ругезухъе щвезе ана.

Алмахъалъул библиотекаялъул директор Наида Расуловалъ гьеб къоялъ *«БахIарчилъиялъул дарс»* абураб тадбир тIобитIана.

Гьелъ данделъаразе КIудияб ВатIанияб рагъул къокъабго хIакъикъат бицана. ЦIалдохъаби: Марьям Бекмурзаевалъ, Аминат Расуловалъ, Алина Набиевалъ ва АхIмад Расуловас гьенир рагъда хурхарал кучIдулги рикIкIана.

Данделъиялъул ахиралда гьелъул гIахьалчагIаз хал гьабуна КIудияб ВатIанияб рагъул хIакъалъулъ хъварал тIахьазул выставкаялъул. Тадбир ахиралде щвана гьенир гIахьаллъараз бахIарзазул аллеялда цебе цадахъаб сурат бахъиялдалъун.

ГьитIинаб къоялдаса ВатIаналъул тарих лъималазда лъазабиялъулъ кIудияб бутIа лъолеб буго лъималазул ахазул тарбиячагIазги. Гьедин, 22 июналда хурхарал тадбирал тIоритIана *«Маргьа»* лъималазул ахалъулгун реабилитационнияб Централъул тарбиячагIаз. БатIи-батIиял цIаразда гъоркь тIоритIарал гьел тадбиразда лъимал щвана ЦIарлъаларев рагъухъанасул памятникалъухъе. Гьез гьенир рикIкIана кучIдул. Гьединго, гьитIичаз сапар бухьана ЦТКНРалъул музеялде.

ЦТКНРалъул бетIерай специалист Бурлият Пусмановалъ гьезие бицана ВатIанияб рагъ байбихьиялъул, нилъер халкъалда дандчIваралл захIмалъабазул ва гьелъул бахIарчилъиялъул. Гьенир лъималазда рихьизаруна бицараб тасдикъ гьабурал видеороликалги.

Узухъда, 22 июналда хурхун, гIезегIанал тадбирал тIоритIана районалъул, росабазул гIуцIабазги, амма гьел киналго рехсезе рес рекъоларо. Гьаб макъалаялда нижеца рехсолел руго тIоритIарал тадбиразул хIакъалъулъ тIоцебе нижехъе хъвай- хъваял рачIарал ва заманалда къватIире кьезе бажарарал макъалаби.

РакIалдещвезариялъул ва пашманлъиялъул къоялъ, узухъда, бицен ккана Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулел ва гьенир гIумруялдаса ратIалъарал нилъер гIолохъабазул хIакъалъулъги. Гьелде тIадеги, гьеб къоялъ тIадехун рехсараб операциялда гIумруялдаса ватIалъарав Дубкиялдаса МухIамад СагIадулаевасеги Алмахъалдаса МухIамадсайгид МухIамадовасеги гьез яшав гьабулел рукIарал минабазда чIезаруна мемориалиял хъарщал. Гьел чIезариялда гIахьаллъарал Б. Нуцаловас, Дубкиялъул бетIер ГIайнудин Абакаровас, Алмахъ росдал администрациялъул бетIер МухIидин Салаевас, росдал имам Расул Нуцалхановас, депутатаз, жамгIиял гIуцIабазул вакилзабаз данделъаразе бицана нилъер бахIарзал кIочонгутIиялъе гьединал тадбирал тIоритIиялъул бугеб кIваралъул, гьел кIочене бегьунгутIиялъул ва гьез нилъер лъикIаб букIиниселъе гIоло гIумру кьун букIиналъул. Гьедин букIинабиялъе районалъул, росабазул администрациябаз, гIуцIабаз ва мухъилал гIадамаз гIезегIанаб хIалтIиги гьабулеб буго.

Аллагьас къабул гьареги нилъ киназулго лъикIал ишал ва ТIадегIанас нилъее лъикIабщинаб хъван батаги.

**МухIамад-Шарип ГIабдулашимов**

*27 июнь-гIолилазул Къо!*

# Фестивалалдаса рази хутIана

ГIолилаб ригь ккола, хасго гьаб заманалда, гIанчIаб, ургъел гьечIеб, гогьаб ригьлъун. Узухъда, инсанасул гIумруялъул бищунго лъикIаб бутIалъун гьеб рикIкIунеб букIинги нилъеда лъала. Ахирияб заманалда улкаялъе нухмалъулез кIудияб кIвар буссинабулеб буго гIолилаз лъай босиялде, гьел жамгIияб гIумруялъулъе цIаялде, гьедин букIиналъе гIуцIулелги руго гIолилазул батIи-батIиял цолъабиги. ХIукуматалъ июналъул ахирияб щаматкъо лъазабун буго гIолилазул къолъун.



Гьеб къо гьаб соналъ 27 июналда кIодо гьабуна. Гьелда хурхун, Дилим росдада гIагарда бугеб туристазулаб гIурдаллъиялда *«Полилал – нилъер букIинесеб»* абураб фестиваль тIобитIана.

Гьелъие цебеккунго хIадурараб ва районалъул бетIер ХI.ХI.Мусаевас тасдикъ гьабураб планги хIадурлъиги букIана. Гьебго заманалда гьениб унеб букIана туристазулгун гIагараб ракь лъазабулезул республикаялъул 67 абилеб слётги. Фестиваль тIобитIулезул мурад букIана слёталде рачIарал шагьараздасагун районаздаса гIолилал тадбиралда гIахьал гьари, гьезулгун лъикIаб бухьен чIезаби.

Гьеб гIуцIун букIана, районалъул администрациялъул бихьизабиялда рекъон, физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул, культураялъул Централъул ва *«Цогояб Россия»* партиялъул бакIалда бугеб отделениялъул хIалтIухъабаз.

РакIарараздa байрамги баркун, гьаниб кIалъай гьабуна районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Басир Нуцалов, Россиялъул МЧСалъул бетIераб управлениялъул отделалъул начальник Ислам Ибрагьимовас.

БатIи – батIиял къецазда гьениб росабазул школазул цIалдохъабаз ва слёталде рачIарал цо-цо гьунарчагIаз жидерго гьунар бихьизабуна. Гьез Р. ХIамзатовасул кучIдул рекIехъе рикIкIиналъулъ, *«Наркомания – 21 гIасруялъул къавуда»* абураб темаялда сурат бахъиялъулъ ва патриотикияб кечI ахIиялъулъ къец бана. Гьел къецазул хIасилал гьариялъе жюриялъулъ гьалбалги гIахьал гьарун рукIана.

Сурат бахъиялъул къецалда тIоцебесеб бакIалде Гуниялдаса Марият Нугъаева ячIана, кIиабилеб ва лъабабилеб бакIазе ХIапсат Пузайриева (лицей) ва Мадина Гунацова (Хубар) мустахIикълъана.

КечI рикIкIиналъулъ бергьенлъи Ленинаулалдаса (СОШ №1) Хава Ибиевалъ босана, кIиабилеб ва лъабабилеб бакIазе Ума Бадрудинова (Гьизилюрт) ва ШугIайнат МусикIова (лицей) рачIана.





КечI ахIиялъул къецалда, гIахьалчагIазе ращадал баллал щвеялде балагьун, жюриялъ хIукму гьабуна щибаб бакI кIи-кIи цIалдохъанасда гьоркьоб бикьизе. ТIоцебесеб бакI Калининаулалъул ва лицеялъул( Дилим) командабазда гьоркьоб бикьана, кIиабилеб бакIалъе мустахIикълъана Ленинаулалъул №2 ва Хубар росдал школазул командаби, лъабабилеб бакI Гертма ва Гуни росабазул цIалдохъабазда гьоркьоб бикьана. Гьениб бищунго берцин кечI ахIарай Дилим росдал гимназиялъул гьитIинай гьунарчIужу Пари СайгитбатIаловаги шапакъаталдалъун кIодо гьаюна.

КIиабилеб площадкаялда *«ТIоцересезул багьа-бачари»* гIуцIиялъулазул, *«Ниж Россиялъул гражданал»* абураб цIаралда гъоркь церерахъинал рихьизаруна.

РакIалде ккола фестивалалда гIахьаллъарал тIолалго гьелдаса рази хутIанин.

**Динара Батиева**

***Инсан ва гIумру***

# Кафурасдацин бихьизе хъван батугеги

Дие гьитIинаб заманалдасаго бокьулаан чIахIиязул харбазухъ, батIи-батIиял биценазухъ, малъа-хъваязухъ гIенеккизе. Цо-цоял, дие гьел рокьулел рукIинги бичIчIун, дун цIубараб гIакълуялъул чи кинниги, диргун хабар-кIалалдаги рукIунаан.

Хасго гьеб рахъалъ дие гIемерал биценал гьаруна дир эбелалъул вацгIаллъун кколев вукIарав МухIамадсидикъ Салатгереевас (гьев ккола районалъул чIахIияб гIелалда цIакъ лъикI лъалев, нилъер газеталда фотокорреспондентлъун ва жавабияв секретарьлъун гIемерал соназ хIалтIарав МухIамад Салатгереевасул эмен). МухIамадсидикъица кьурал гIумрудул дарсал дир рекIелъ даималъ хутIана ва гьез гIумруялъул дандчIвалел захIмалъабазул гарцIал ричизе дие цIакъ кумек гьабуна.

Кида рес рекъаниги, дица хIаракат бахъулаан чIахIиязул *«хьибил кквезе»* ва гьездаса пайда босизе.

1975 соналъ Калининаул росулъе хIалтIизе витIараб заманалда,узухъда, дун гIезегIанал гIадамалгун дандчIвазе ккана, щайгурелъул, гьезул лъималазе дица дарсал кьолел рукIун.

Дие рес щвана къокъаб заманалда гьенир ругел тухумазулги гьезул ирсилазулги гIумрудул хIакъикъат лъазе. Гьезул гIезегIанаб къадаралъулгун дир унго-унгояб гьудуллъиги ккана ва гьелгун гIемер дун дандги чIвана. Гьеб киналъулго хIакъалъулъ тIубараб тIехь хъвазеги бегьула, амма гьеб гуреб дир мурадлъун ккolеб.

Дие бокьун буго Калининаул росдал кIудиял тухумазул цояблъун кколеб, ВисагIитовазул хъизаналда гьоркьов бищунго кIудиявлъунги кколев Висарханил хIакъалъулъ бицен гьабизе.

Гьевгун дандчIвазеги гьесул хIакъалъулъ хъвазеги цебего бокьун букIаниги, дир кинго рес рекъолеб букIинчIо мурад тIубазе. Висархан гIолил ригьалда гьечIеблъиги дун гьитIинав чилъун кколареблъиги хIисабалде босун, дун гьесухъе щвезе ана ва дица, къокъгьабун, кьолеб буго гьесулгун ккараб гара-чIвари.

Жиндиего хасиятаб махсаро-хочIги гьоркьобе рехун, гьес бицана: «*Дун гьавун вуго 1927 соналъул гьайбатаб ихдал. Нижер хъизаналда 9 лъимер букIана (7 васги 2 ясги). Доб заманалда гIадатлъун бигьлъанхъун букIана гIемерал лъимал хъизаналда рукIин. Дир лъимерлъиги кинаб букIинеб, дол сонал рукIана гьитIинаб заманалдасаго горбода магIишаталъул рукьалъул цо бутIа лъезе кколел. Эбел-инсуца лъимал гьитIинго захIматалде ругьун гьарулаан, тIадкъай гьечIев чи хъизаналда гьоркьовги вукIунароан.*

*Лъеберабилел соназул тIоцебесеб бащалъуда байбихьана колхозал гIуцIизе. Гьеб заманалда, мацI-кIалалъул хIасилалда, росулъа гIемерал чагIи, кулакалин, рухIаниялин цIарги чIван, рахъ-рахъазде ритIана, гьезул цIикIкIунисезул кинаб къисмат ккарабали жакъа къоялъги лъазеги лъаларо. Цо дагьалъ яшав рукIалиде кколеб бугин ккараб заманалда байбихьана КIудияб ВатIанияб рагъ. Бихьинал рагъдеги ун, рукъалъул, колхозалъул магIишатал регана херазул, руччабазул ва лъималазул кIигъуждузда тIад. Гьелъул букIараб захIмалъиялъул бицине дун лъугьинаро, дица дуе цо мисал бачина.*

*Гьеб букIана 1942 соналъул хасел. 14 сон гурони тIубачIев дун, колхозалдаса нарядги кьун, каналал рухъулелъуве витIана. Дир жаваб кьеялда оцазул гьокоги букIана. Дида цадахъ кIиго буртинисевги ккана. Ниж ине кколаан цебесеб ЧIикIаб росулъан. Гертмаялда сордоги бан, нухде лъугьинейин къватIиве вахъарав дида бихьана оцазул хIатIал цIороялъ гьорон рукIин.*



*Буртабаз дида абуна гьедин нухде вахъине бегьуларин ва мун тIадвуссине кколин. Дун тIадвуссана ва сордо базе цо буртинисесул дова чIезе ккана.Гьес дида абуна: «Сордо базе дица мун виччала, амма мун вегизе вугеб бакIалда бугеб цIоросаролъил микьго лъелалда мун хъвазе бегьуларо»,-ян. Мун божа, лъабго сордо-къоялъ дир ургьибе богIоллъидул ричIчIицин ун букIинчIо ва вакъарав диде макьуги щолеб букIинчIо.*

*Гьанжени гьав кьижун ватилин ракIалдеги ккун, дица гьениса цо лъел босана, амма гьелдаса пайда босизе дие щвечIо. «Дица дуда лъазабун букIанагури», -ян буртинисес абидал, дица гьелде тIокIалъ хиял гьабичIо. БитIун гIолеб заманалда гьедин букIараблъиги лъида кIочонеб?*

*«Кинабго-фронталъе, кинабго-бергьенлъиялъе» ахIиялда гьоркь, гIемерисеб хIалтIи кверазги гьабун, къаси-къад чIечIого, хIалтIулаан. ПорцIизегIан квен щолароан.*

*Дагьалъ бигьалъи букIине мурадалда, 1944 соналъ дицаги Исайматицаги (ж.м.ч.) хъизан гIуцIана.*

*ЛъугIана рагъ, бергьана нилъ, амма балагь цо жибго бачIунарин гIурусас абухъего, ккана ракъи. Гiадамаз кваназе бегьулебщинаб (гIурччинлъи, пихъ ва гь.ц.) хIалтIизабулаан, амма гьелъ ракъи нахъ чIвалароан. Дол соназ гIемерал гIадамал, гьезда гьоркьор,узухъда, лъималги рукIана, ракъуцаги хвана.*

*РетIизе ретIел букIинчIо, гьеб букъизе кинаб букIаниги ххамги щолароан. Мусруялъул бакIалда хваразда хъахIаб ракьалъулги лъелги гьабураб лъамалъи бахунаан. Гьедин захIмат букIаниги, колхозалъул хIалтIуде рахъинеги кколаан. КигIаналъ хIалтIи захIмат букIарабали дудаго бичIчIине дица цо гьадинаб мисал бачун тела: къоялъ колхозалда хIалтIулев чияс, гIумрудул заманалъул батIалъи гьениб букIинчIо, белалъ 4 сотых бухъизе кколаан, гьеб норма тIубаразе щуго цIоросаролъил ханждал хинкIги гьел гьорлъ рельарал чуридул цо гелги кьолаан.*

*Гьа, дуцаго хIисаб гьабе, къоялъги хIалтIун, гьел хинкIаз черх кин кквезе букIарабали.*

*Лъимал ругез, цо-кIиго хинкIги кванан, хутIарал гьезие толаан. Кирехун сверухъ балагьаниги, рихьулаан ракьиялъ тату хварал, нур сварал бералги хIалалъ черх бахчулеб, рукъабаз цIураб ретIелги. Гьеб хIехьезе цIакъ захIматаб заман букIана.*

*Дица диего гIемер такрар гьабула гьаб нилъер гIелалда гьелъул бутIацин бихьугегиян, гьездани щиб гурин, кафурасдацин гьеб бихьизе хъван батугегиян. ГIемераб захIмалъи бихьана нижер гIелалда, гьелъ гьеб хIехьезеги хIехьана. Дагь-дагь ккун бигьалъана яшав гьабизе, амма рекIее бокьараб кванazeги ретIинеги щолеб заман дирги цогидазулги гIумруялъуль киданиги букIинчIо.*

*Дир эбел-инсул хъизаналдаго гIадин, диеги 9 лъимер бижана (6 васги 3 ясги). Гьезул щуго вас чIаго гьечIо.Гьанибго абун тела, эбел-инсуда цебе лъимер гIумруялдаса батIалъиялдаса захIматаб дида щибниги дандчIвачIо.Гьелъ лъураб ругъун киданиги сахлъуларо, гьеб нилъгун цадахъ ракьулъе уна.Бихьаразда гурони, гьеб бичIчIунебги батизе гьечIо.*

*Дир гIумруялъулъги хъахIалги чIегIералги гIемер рукIана, дагьал сонал гурелъул дица ракьалда рахъарал, гьаб соналъул марталда дие 96 сон тIубана. Колхозалда дун вехьлъунги, хъаравуллъунги, вецарухъанлъунги, цогидал хIалтIаби тIуралевлъун вукIана. Аллагьас дие гIураб гIакълуги махщелалги кьуна. Дол соназ васазе сунатал гьарулаан Назархан абулев чияс. ЩаяIи лъаларо, амма дие цIакъ бокьулаан гьесда цадахъ хьвадизе.*

Цо нухалда гьес дида абуна: «*Висархан, дида бихьула дур гьаб ишалде рокьи букIин. Дуца лъикI хал гьабе дица гьабулелъул,лъазе бокьараб,бичIчIинчIеб дидеги цIехе,-ян». Дица гьес абураб гьабуна ва дун гьесул махщалда ругьунлъана. Гiемерал соназ дица росдал васазе сунаталги гьаруна. Гьел гьаризе дун Ленинаулалде, Алмахъалде ва цогидал бакIаздеги ккана. Гьединго, дун гIахьаллъулаан абадияб рукъоре хварал бихьинал тIоритIиялъулъги. Жаназа чуриялдаса байбихьун, гьеб букъизегIанги гьелда хадусан тIоритIулел тадбиразулъги дун гIахьаллъулаан.*

*Доб заманалда росдае дибирлъи гьабулев вукIарав Абубакарида (гьесда гIадамаз «Абук»,-ан абулаан), узухъда, гьеб бихьичIого хутIичIо. Гьес дида абуна: «Хвел буго щивасда тIадаблъун Аллагьас гьабун. Хварал нухда тIоритIиги чIагоязда тIадаб ишлъун ккола. Нилъер диналда рекъон, хварал рукъиялъул ишал лъалев чи камун бегьуларо,мун гьезуль жигараб гIахьаллъиялда вукIуна, дунги кигIанаб заманалъ вукIинев,цIакъ бокьулаан дуца гьеб иш тIаде босани. Цоги, хвел нилъеда гьикъун бачIунаро, гьеб ккезе бегьула цIорораб, гIазу балеб яги чвахун цIадал ралеб заманалда. Хабада, тIехьалдеги балагьун, Къуръаналъул сураби цIали цIакъ санагIалъи бахъараблъун ккола, дуца гьениб цIалулеб кинабго рекIехъе лъазабизе ккола,-ян». Дица гьес абухъе гьабуна,дудаго гьеб чанго нухалда бихьизеги бихьана. Къокъгьабун, гIезегIанал соназ дица росдае дибирлъи ги гьабуна.*

ВисагIитовазул кIудияб тухум буго. Гьезда гьоркьоса рахъана гIадамазе пайда цIикIкIарал батIи-батIиял махщелазул чагIиги. Гьел руго махсаро-хочI бокьулел, гьеб гьабизе лъалел, гIурусас абухъего, рагIуда хадур чвантинире раккизе кколарел гIадамал. Гьезул щив вукIаниги вугеб бакIалда камуларо аваданлъи, рельа-рохи ва цогидалги рекIее асарал кьолел ишал.

Висархангун дандчIваялда дун бищунго тамашалъиялде цIаравлъун ккана,96 сон гIумрудул тIубаниги, гьесул гIакълудал цIубайи рекIел цIодорлъиги. Жиндирго гIумрудулъ ккарал лъугьабахъиназул соналцин щиб гурин, моцIгун къоялцин гьесда ракIалда ругоан (ахираталъул рукъове инегIан Аллагьас гьев гьедин тезеги таги).

Жиндирго пикраби данде ракIарулев кинниги, цо рахъалдехун балагьунги чIун, Висарханица байбихьана: «*Узухъда, гIумруялда жаниб дида гIемераб лъикIабги квешабги бихьана. Къисматалъ хъваралдаса рорчIизе бакI букIунаро. Гумру буго жиндир нухда, цудунго лъазе нилъее рес кьун гьечIел, согIал, свералаби гIемерал сухъмахъаздасан гIуцIараб ТIадегIанасул хIикмат. Гьенир, халатккун тIаде рачIарал ургьелал рекIелъгун, чIезе бегьуларо.*

*Лъазе ккола ургьелаз чорхол сахлъиялъе зарал гьабулеблъи. Ургьелал ккечIого рукIунаро, амма хIаракат бахъизе ккола гьел рекIелъа нахъе инаризе. Дица Аллагьасда гIемер гьарулаан лъадиялдаса цеве дун духъего вачеян, амма Гьесул хIукму батIияб букIун буго. Дир Исаймат гIемер унтулаан ва 2019 соналъ гьей даимлъиялъул рукъое ана, Аллагьас гьелъулги цогидал хваразулги мунагьал чураги.*

Гьаб заманалде кинаб бербалагьи дур бугебан цIехедал Висарханица абуна: «*Дида чIахIияз бицунеб батана заман бачIине бугин кваназе квенги ретIизе ретIелги гьарзаяб. РакъуцаIи ратIликълъиялъги кIвекIарав дида гьез бицунеб маргьалъун ккола,амма гьеб дидаго бихьана.*

*Кинабго гьарзаго букIаниги, гьелъул зарали цIикIкIараб бугин бицина. Заманалде щиб абилеб, заман цIакъаб бугоан, амма гьеб гIадамазулъ яхI-намус чучлъараб, гIаданлъи гIодобегIан ккараб, гIадлу-низам гьечIеб, къокъгьабун абуни, квешлъи гьорлъ цIикIкIарабилъун буго. Лъил божи лъолеб метерисеб лъикIаб букIиналда? Гьединал нилъеда гьоркьор гIемер рукIиналда щаклъизе бачIуна»,-ян.*

ВисарханихъеE дун щвезе араб заманалда гьений йигоан гьесул яс Сукайнат. Гьелъ бицана: «*Нижер эбел-эмен цIакъ лъикIал гIадамал рукIана, гьеб дудагоги лъала. Дир лъималаз (3 ясги 1 васги) жиде-жидер магIишатал гIуцIана, дир рос (ж.м.ч.) 2017 соналъ гIумруялдаса ватIалъана.*

*Дир эбел унтун йикIана ва дица лъималазда абуна, нужер росабаздаги нусалдаги жидее гьирлъун йигин ккечIого букIине, дун эбел-эмен хьихьизе росулъе тIадюссине йигоян. Дица гьедин гьабизеги гьабуна. Гьале, эбел хун хадусан дица инсуе хъулухъ гьабулеб буго»,-ян.*

Дун Сукайнатгун дандчIван вукIинчIо, амма доб къоялъ гьейгун ккараб гара-чIвариялдаса дида бичIчIана Сукайнатилъги киналго ВисагIитовазе хасиятаб гIамалгун хасият рукIин ва Висархание хъулухъ гьаби божи бугел кверазухъ букIин.

Дун гIемерав ккана Висарханица калам гьабулел бакIазде. Гьесул щибаб рагIи букIунаан магIна цIикIкIараблъунги рекIелъе бортулеблъунги.

Дида ракIалдаса унаро цо гьадинаб лъугьа- бахъин, рес рекъаралъуб дица гьеб рехсезеги рехсола.

Ниж, цо чIужугIаданги хун,тазиятал-да рукIана. Гьенив гIодовчIун вукIарав Висарханица абуна: «*Гененкке, гIолохъаби! Гьав Пайнудиние (хваралъул рос, гьел кIиязулгоги мунагьал чураги) Капият жеги хун гьечIей. Гьей гьесие хвезе йигей, тазиятги биххун, чIобогояб рукъов живго хутIараб тIоцебесеб сордоялъ», -ан. Дида бичIчIана рехсараб бихьарав, гьелъ жив кIвекIарав чиясул калам гьеб букIин.*

Гара-чIвариялъул ахиралда Висарханица абуна: «*Дица гьаб халатаб гIумруялъуль хIаракат бахъана тIадкъарал ишал ракIбацIцIад,гIадамазда рагIи абилареб хIалалда, рагIа-ракьанде щун, тIуразизе, гIадамалгун гIамал рекъезабизе, лъикIал ишал гьаризе, гьел гьарулезул рахъ ккезе ва лъикIаб рахъалдасан дунго гIадамаздаги Аллагьасдаги вихьизавизе.*

*Аллагьас къабул гьарун ратаги дир дугIабиги гьариялги.*

*Цоги нухалда тIадвуссун абила, дица гьел гьариязулъ цIакъ гIемер такрарги гьабула, дида, нижер гIелалда бихьараб кафурасдацин бихьизе Аллагьас хъван батугеги»,* -ян.

ГьелдалъунE Висарханица гара-чIвари лъугIизе тана. Гьесиеги гьесул нахъе ругезеги, сахлъигун халатаб гIумруги гьарун, дун тIадвуссана.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

# Прокуратура информирует

**Житель Казбековского района обвиняется в совершении преступления, предусмотренного частью 1 статьи 166 УК РФ (угон)**

Прокуратурой района в Казбековский районный суд направлено уголовное дело по обвинению жителя села Инчха в совершении преступления, предусмотренного частью 1 статьи 166 Уголовного Кодекса Российской Федерации (неправомерное завладение автомобилем без цели хищения).

Установлено, что местный житель 2 мая 2023 г. с 00 часов 00 минут по 01 часа 00 минут, находясь на улице братьев Уллубиевых в с. Инчха, путем свободного доступа, проник в салон и завладел автомобилем ВАЗ-21114 стоимостью 150 000 рублей. Далее он выехал в сторону села Гостала и бросил автомобиль на его окраине.

---

Прокуратурой района в Казбековский районный суд направлены два уголовных дела по обвинению жителей села Калининаул и поселка Дубки в совершении преступления, предусмотренного частью 3 статьи 30 - 1 статьи 291.2 Уголовного Кодекса Российской Федерации (покушение на дачу взятки лично, в размере, не превышающем десяти тысяч рублей).

Установлено, что подсудимые предложили сотрудникам полиции вознаграждение в виде денежных средств для непривлечения их к административной ответственности за совершенные правонарушения.

Довести до конца свои преступные действия подсудимые не смогли в связи с отказом сотрудников полиции принять взятку.

Уголовные дела находится в производстве суда.

---

Минтруд России, Приказом от 15.05.2023 № 459н, утвердил новый список профессий иностранцев, которым разрешения на работу выдают без учета квот. Он заменит действующий перечень.

В список добавили, в том числе профессии электрогазосварщика, фрезеровщика, крановщика. Ряд профессий из перечня исключили, например, специалиста по подготовке спортивного инвентаря, электромонтажника по сигнализации, централизации и блокировке.

***Ш.М. Магомедов,помощник прокурора района***

# Объявления

Администрация муниципального района *«Казбековский район»* сообщает о проведении публичных слушаний по вопросу изменения вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:12:000008:1807, площадью 705 кв.м, расположенного по адресу; Республика Дагестан, Казбековский район, с. Инчха, ул. Саида Афанди, д.1а, категории земель - земли населенных, пунктов, с вида разрешенного использования «личное подсобное хозяйство» на вид разрешенного использования:«объекты дорожного сервиса» с кодом 4.9.1; Гражданам, проживающим в пределах территориальной зоны, в границах которого расположен земельный участок, и иным заинтересованным лицам просим принять участие в данных публичных слушаниях. Замечания и предложения по вопросам, выносимым на публичные слушания, а также заявки на участие в публичных, слушаниях принимаются в течение семи дней с момента публикации данного объявления по адресу: Республика Дагестан, Казбековский район, с. Дылым, ул. Имама Шамиля 43, здание администрации МР «Казбековский район», кабинет отдела архитектуры. Публичные слушания состоятся 21 июля 2023 года в 10 часов 00 минут по адресу: Республика Дагестан, Казбековский район, с. Дылым, ул. Имама Шамиля 43, в актовом зале в здании администрации МР «Казбековский район».

---


## ООО "Астория"

### Приглашает на работу

Вакансия: водители
Тип работы: гибкий график
Условия работы: **1.**Согласно трудовому кодексу РФ;
**2.**Испытательный срок-1 год
**3.**Полный социальный пакет;
**4.**Ремонт, стоянка, техобслуживание за счет компании
**5.**Возможность проживания в общежитии
Требования: наличие категории *«Д»*
Заработная плата: от 50 000 тысячи рублей
Информация о компании: ООО *«Астория»*,г. Махачкала, ул. Дахадаева 4
Телефон для справок: **7(8722)674545, 89365558383**


# РацIцIалъи чIезаби мурадалда

Районалъул бакI-бакIазда (росаби, нухал, рохьал, лъел мухъал ва гь. ц.) рацIцIалъи цIунизе кколеблъиялъул гIемер бицунеб бугониги, жакъа къоялъ гьеб рахъалъ кинал, рукIаниги , хиса- басиял кколел гьечIо. Кирехун лъугьаниги ,ратулел руго рищни-къулалъул гохIал. ЗахIматаб ишлъунищ кколеб хIухьбахъи гьабизе



аралъуса жидецаго гьабураб рищни-къул нахъе боси? Нилъер лъида вихьуларев тракторгун щибаб къойил Хасавюрт- кьохъ шагьранухлул бутIаялдаса рищни-къул бакIарулев Ленинаул росулъа Назирбег МухIамирзаев? Цого гьедин букIиналъ бицуна рацIцIалъи букIинабиялде нилъер гIадамазул бугеб бербалагьиялъул. Цебего заман щвечIищ рищни-къул бакI- бакIазде баялъул, ругеб бакIалда рацIцIалъи цIунизе кколеб букIиналъул биценазе, лъазабизе ахир лъезе?

Районцоязда лъала Гъозтала ва Дилим росабазда гьоркьоб *«Горенжо»* хIор бугеблъиги гьеб бихьизе ва гьениб хIухьбахъи гьабизе гIемерал гIадамал хьвадулеблъиги. Гьеб нилъер районалъул тIабигIаталъул берцинал бакIазул цояблъунги ккола.

Амма гьенире унел цо-цо гIадамаз жидедаго хадуб рацIцIалъи цIунулеб гьечIо ва гьениб гIезегIанаб рищни-къул толеб буго.

Гьеб кинабго хIисабалдеги босун, 23 июналда районалъул администрациялъул, лъайкьеялъул управлениялъул, культуралъул хIалтIухъабаз гьениб субботник тIобитIана. Гьез хIоралда сверухъ бугеб рохьоса бакIарана бакъвараб цIул ва рищни-къул.

Гьенибго нилъер районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевас Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъулъ гIумруялдаса ратIалъарал рагъухъаби кIочонгутIиялъул ах гIуцIиялъе гьенир гъутIби чIезе рукIин лъазабуна.

Гьеб ахил щибаб гъотIода чIезабизе буго СВОялда гIумруялдаса ватIалъарав щивав рагъухъанасул суратги ва гьесул бахIарчияб хвелалъул хIакъалъулъ хъвараб хъарщиги.

***Ибрагьим Идрисов***

# ЦIодорлъи гьабе,гурони!

Нилъеда цIакъ лъикI лъала риидалил, хасго каникулазул, отпусказул заманалда,хъизаби (чIахIиялгун гIисинал лъималгун цадахъ) хIухьбахъиялъе рохьахъе, лъел мухъазде ва цогидал бакIазде унеллъи.

Гьезул гIумруялъе бищунго цIикIкIараб хIинкъи лъел мухъазда букIунеблъи лъаларелги нилъеда гьоркьор ратизе гьечIо. Щибаб санайил нилъер улкаялъул бакI-бакIазда гIезегIанал лъугьа- бахъинал ккола лъедалъун чIахIиялги гIисиналги гIумруялдаса ратIалъарал яги сахлъиялъе сакъатлъи ккарал.

Гьеб кинабго хIисабалдеги босун, нилъер районалъул администрациялъ бахъараб хIукмуялда (№84,*«Районалда ругел лъел объектаздаса пайда босиялъул къагIидаби цIуни»)* рекъон, лъелъе лъугьине гьукъараллъун рихьизарун руго *«Горенжо»* (Дилим),ИчкIаялъул, Ленинаулал(Бурсум), Хубаралъул хIорал, Алмахъалдаса Калининаул росулъе щвезегIан *«Ахъташ»* лъарал бутIа ва Сулахъ гIор. Лъималазул умумузда гьел къайимлъиялде, тIалаб-агъаз гьабиялде росаразда лъазе ккола, щиб кканиги, гьезул жаваб законалда цебе жидеца кьезе букIин (РФялъул КоАПалъул 5.35 статьяялъул цоабилеб бутIа).

Гьелъ, нужгоги лъималги цIуне лъел балагьалдаса. Лъугьунге,чвердей мурадалда, нужеда хIал лъаларел яги чвердезе гьукъарал бакIазде. Лъел мухъазда тIуразе тIадал къагIидаби цIунулел ругони, балагьал лъугьа- бахъиназ къадар цIакъго дагьлъизе яги тIубанго тIагIине бегьула. Кинал къагIидаби гьел кколел?

-тIоцебесеб иргаялда,чвердезе бокьараб бакI гьукъараблъун букIине бегьуларо.

-лъехъе рещтIунел бакIал цIакъго лабалалъун, гьениса роpтиялъе хIинкъи бугеллъун ругони, гьелъухъе рещтIине санагIалъаби ругел бакIал ралагьизе ккола.

-чвердезе тIаса бищараб бакIалда, чIахIиял ганчIал, хIункIрул, гьваридал лъим сверулел бакIал ва цогидал хIинкъи бугел бакIал ругищан хал гьабизе ккола.

-нужедаго хIал лъалел бакIаздацин, циндаго лъелъе лъугьине, рукъизе бегьуларо, щай абуни, нуж гьенире щвечIебгIан заманалда,гьенир хиса- басиял ккун рукIине рес буго.

-лъел чвахи хехал, хьуцIмахIал бакIазда чвердезе бегьуларо.

-нужецаго лъеда тIад чIеялъе хIадурарал алатал хIалтIизаризе бегьуларо.

-лъим чорокал бакIазде лъугьине, хадуб хал кквечIого, лъимал тезе бегьуларо.

-лъелъ кинал рукIаниги хIаял тIоритIизе гьукъун буго.

-чвердезе аралъур, халатаб заманалъ бакъукьги рукIун, лъелъе лъугIине бегьуларо.

-нагагьлъун кумек хIажатав лъелъ вихьани ва гьесие хIалае рахъине бажарулеб гьечIони, ахIи бай,гьединазе хехаб кумек гьабиялъе квербакъе.

КIочонге, рехсарал къагIидаби цIуниялъ лъелъ кколел балагьаздаса цIуниялъе квербакъизе букIин. Лъай, лъехъ лъималазул гIумруялъе хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул цIикIкIунисеб рахъал чIахIиязда рарал рукIин.

Нагагьлъун кумек хIажалъани, гьаб номералде **112** кIалъазе бегьулеблъиги кIочене тоге.

***Районалъул администрация***


**БетIерав редактор:**
И.Б.Салимханов
55-48-94
**Жавабияв секретарь:**
М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:**
И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхIажиева ва З.ХI ХIасанова
**Фотокорреспондент:**
М.-гI.ХI.ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1275, багьа-эркенаб

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**


**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**